

### **BAB III**

#### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina unggal panalungtikan mibanda tujuan nu kudu dihontal. Ku kituna, unggal panalungtikan kudu ngagunakeun métode pikeun nyangking data nu luyu jeung kanyataan di lapangan. Dumasar *KBBI* (2008, kc. 580) métode nyaéta cara nu diatur sarta dipikir kalayan gemet pikeun ngahontal maksud nu tangtu dina élmu pangaweruh. Nurutkeun Hadi (dina Nurbuko jeung Achmadi, 2007, kc. 2) panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun, mekarkeun jeung nguji bebeneran hiji pangaweruh. Métode panalungtikan mangrupa cara pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data sangkan bisa ngahontal maksud jeung tujuan panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203), métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanna. Aya sababaraha métode panalungtikan nya éta métode historis, métode déskriptif jeung métode ékspériméntal.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kualitatif. Métode déskriptif nyaéta data nu dikumpulkeun tina kekecapan, gambar, jeung teu ngan saukur angka-angka. Sakabéh data nu geus dikumpulkeun mangrupa konci kana hal nu geus ditalungtik. Laporan panalungtikan eusina mangrupa kutipan-kutipan data pikeun méré gambaran nu diébréhkeun dina wangun laporan anu asalna tina naskah wawancara, catetan laporan, foto, *videotape*, dokumén pribadi, mémo, jeung dokumén resmi séjénna (Moleong, 2011, kc. 11). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3), panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan nu mibanda tujuan pikeun maluruh kaayaan, kagiatan jeung sajabana nu hasilna aya dina wangun laporan panalungtikan.

Bodgan jeung Tailor (dina Moleong, 2011, kc. 3) panalungtikan kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data-data mangrupa kekecapan lisan jeung tinulis sarta paripolah ti sababaraha jalma nu dipaluruh. Dina panalungtikan kualitatif, panalungtik biasana milu ilubiung kana kaayaan jeung kajadian nu keur ditalungtik (Millan jeung Schumacher dina Syamsuddin jeung Damaianti, 2007, kc. 74).

Jadi, panalungtikan déskriptif kualitatif dilakukeun pikeun nalungtik data, kaayaan jeung hal séjénna ti sababaraha jalma nu mibanda informasi sarta hasilna dijéntrékeun dina wangun laporan panalungtikan, mibanda udagan sangkan bisa ngagambarkeun fakta tina objék nu ditalungtik.


Dina ieu panalungtikan téh métode déskriptif kualitatif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan sajarah jeung unsur semiotik anu aya dina Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat, sarta luyu henteuna pikeun dilarapkeun dina bahan pangajaran maca artikel budaya di Kelas XII SMA. Anapon unsur semiotik anu aya dina Kasenian Sasapian téh dipaluruh ngagunakeun tiori semiotika Charles Sanders Peirce.

### **3.1 Desain Panalungtikan**

Dina prosés panalungtikan, panalungtik kudu mibanda cecekelan nu bisa ngarojong prosés panalungtikan sangkan bisa lumangsung kalayan lancar sarta ngahontal tujuan nu tangtu ngaliwatan desain panalungtikan.

Desain panalungtikan mangrupa stratégi dina ngararancang hiji panalungtikan nu wangunna peta konsép sarta bisa dijadikeun pituduh dina ngahontal tujuan panalungtikan. Pikeun ngahontal tujuan tina panalungtikan, desain dina ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun sajarah, prak-prakan sarta unsur semiotik anu nyangkaruk dina Kasenian Sasapian di Désa Cihideung. Ku kituna, desain panalungtikan dina ieu panalungtikan baris digambarkeun ngaliwatan wangun bagan.

Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan



## 3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

### 3.2.1 Sumber Data

Sumber data nyaéta subjék tina data nu dicangking. Aya tilu rupa cara ngaidéntifikasi sumber data nya éta tempat, jalma atawa informan, jeung dokumén (Arikunto, 2013, kc. 172).

- 1) Tempat, nyaéta sumber data nu méré tampilan saperti kaayaan cicing jeung gerak sarta mangrupa tempat dina ngalaksanakeun panalungtikan ngaliwatan prosés obsérvasi.

Desy Ratnasari, 2017

UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG  
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL  
BUDAYADI KELAS XII SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



- 2) Jalma atawa informan, nyaéta sumber data nu bisa méré informasi boh jawaban lisan ngaliwatan prosés wawancara boh jawaban tinulis ngaliwatan angkét.




Tabél 3.1  
Format Data Informan

Data Informan	
Foto	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Wasta</li> <li>2. Jenis kelamin</li> <li>3. Tempat, ping gumelar</li> <li>4. Atikan</li> <li>5. Agama</li> <li>6. Pakasaban</li> <li>7. Alamat</li> <li>8. Kalungguhan</li> </ol>

Anapon sumber data informan dina ieu panalungtikan aya dina wangun tabél data informan.

Tabél 3.2  
Data Informan

No	Poto jeung Wasta	Umur	Alamat	Atikan	Agama	Pakasaban	Kalungguhan dina Kasenian
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)
1.	 Abah Endi Rohéndi	66 taun	Kp. Cihideung Caringin RT 02 RW 07 Désa Cihideung Kac. Parongpong	SR (Sakola Rakyat)	Islam	Pagawé Swasta	Sesepuh Kasenian Sasapian
2.	 Bapa Agus	53 taun	Kp. Cihideung Caringin RT 02 RW 07 Désa Cihideung	S1	Islam	Pengrajin	Pupuhu Kasenian Sasapian

	Hendriana						
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)
3.	 Abah Yanto	54 taun	Kp. Panyairan RT 03 RW 10 Désa Cihideung	STM	Islam	Pupuhu Padépokan Kalang Kamuning (Guru Tari)	Pamekar Kasenian Sasapian Padépokan Kalang Kamuning
4.	 Abah Darto	48 taun	Kp. Panyairan RT 03 RW 10 Désa Cihideung	SMP	Islam	Patani	Anggota Kasenian Sasapian Padépokan Kalang Kamuning
5.	 Erin Suhendi	37 taun	Kp. Cihideung Caringin RT 02 RW 07 Désa Cihideung	S1	Islam	Sekdés Désa Cihideung	Aprésiator Kasenian Sasapian

3) Dokumén, nyaéta sumber data nu méré tanda-tanda saperti huruf, angka, gambar atawa simbol-simbol séjénna sarta mangrupa dokuméntasi dina nyangking data panalungtikan.

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sumber data lapangan ti seniman Kasenian Sasapian Désa Cihideung, sesepuh atawa kokolot anu apal kana Kasenian Sasapian jeung pingpinan Kasenian Sasapian Désa Cihideung. Tempat meunangkeun ieu data nyaéta Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat. Anapon cara meunangkeun data nya éta ngagunakeun téhnik wawancara, dokuméntasi foto jeung video, data ti masarakat Désa Cihideung, sarta buku-buku sumber anu aya patalina jeung panalungtikan.

Desy Ratnasari, 2017

**UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG  
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL  
BUDAYADI KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan nyaéta tempat ayana objék panalungtikan nu tujuanna pikeun nyangking informasi. Lokasi dina ieu panalungtikan nyaéta Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat. Nepi ka kiwari, di ieu tempat téh masarakatna masih kénéh ngariksa jeung ngamumulé kana kasenian has ti wewengkonna.

Sacara administratif, Désa Cihideung nyaéta salasihiji désa nu aya di Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat. Luas wilayah Désa Cihideung téh nyaéta 269,69 ha nu ngawengku *pemukiman* 220,74 ha, kuburan 0,01 ha, *pekarangan* 40,25 ha, kantor 0,16 ha, sarta prasarana umum 8,55 ha. Anapon wates Désa Cihideung nyaéta belah kalér pawates-wates jeung kebon Sukawana, belah kidul pawates-wates jeung Isola, belah wétan pawates-wates jeung Sukajaya, Désa Gudang Kahuripan, sarta belah kulon pawates-wates jeung Karyawangi, Désa Cigugurgirang. Anapon lokasi Désa Cihideung bisa katitén dina gambar lokasi ieu di handap.

Gambar 3.1  
Peta Wilayah Désa Cihideung



Keterangan :  Lokasi Panalungtikan

### 3.2.2.1 Lokasi Sosial Budaya Masyarakat Désa Cihideung

#### 1) Démografi

Dumasar data taun 2016 di Désa Cihideung, jumlah pendudukna aya 13.698 urang. Anapon data lengkepna saperti ieu di handap.

Tabél 3.3  
Jumlah Penduduk di Désa Cihideung taun 2016

No.	Jenis Kelamin	Jumlah
1.	Lalaki	6586 urang
2.	Awéwé	7112 urang
Jumlah		13.698 urang

Désa Cihideung dipingpin ku Kapala Désa. Sacara administratif, sahandapeun Kapala Désa dipingpin ku Rukun Warga (RW) jeung Rukun Tatangga (RT). Di Désa Cihideung, Rukun Warga aya 17 sarta Rukun Tatangga aya 58.

#### 2) Sistem Pakasaban

Pakasaban di Désa Cihideung nya éta tatanén, buruh tatanén, PNS, tukang ternak, montir, TNI, Polri, seniman atawa artis, tukang dagang nguriling, dukun tradisional, karyawan swasta, karyawan pamaréntahan, jeung pénsiunan. Katerangan pakasaban di Désa Cihideung bisa katitén tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.4  
Pakasaban Masarakat di Désa Cihideung

No.	Pakasaban	Lalaki	Awéwé
1.	Tatanén	1187 urang	0
2.	Buruh tatanén	310 urang	97 urang
3.	PNS	154 urang	57 urang
4.	Tukang ternak	165 urang	0
5.	Montir	37 urang	0
6.	TNI	15 urang	0
7.	Polri	7 urang	1 urang
8.	Seniman atawa artis	1 urang	0
9.	Tukang dagang nguriling	18 urang	15 urang
10.	Dukun tradisional	1 urang	0
11.	Karyawan swasta	284 urang	301 urang
12.	Karyawan pamaréntahan	13 urang	17 urang
13.	Pénsiunan	68 urang	1 urang

Dumasar tabél di luhur, bisa ditiénan yén séktor utama pakasaban di Désa Cihideung nyaéta tatanén. Pakasaban nu jumlahna pangsaeutikna nya éta seniman atawa artis jeung dukun tradisional.

### 3) Sistem Atikan

Sistem atikan di Désa Cihideung bisa kasebut cukup. Loba masarakat nu mampuh nyakolakeun budakna ti mimiti TK nepi ka sarjana luyu jeung kamampuh masarakat dina ngabiayaan sakolana. Hal ieu bisa katitén tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.5  
Atikan Masarakat di Désa Cihideung

No.	Atikan	Lalaki	Awéwé
1.	SD	683 urang	627 urang
2.	SMP	608 urang	627 urang
3.	SMA	600 urang	607 urang
4.	Paguron Luhur	78 urang	56 urang

Desy Ratnasari, 2017

UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG  
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL  
BUDAYADI KELAS XII SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Dumasar data di luhur, masarakat Désa Cihideung loba lulusan SD nyaéta aya 1310 urang. Katitén pisan atikan di Désa Cihideung kawilang cukup sabab masarakat nu lulusan SMA gé geus loba, katambah lulusan paguron luhur gé geus aya 134 urang.

#### 4) Agama atawa Kapercayaan

Masarakat Désa Cihideung, umumna ngagem agama kapercayaan Islam. Ieu hal bisa katitén tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.6  
Agama atawa Kapercayaan di Désa Cihideung

No.	Agama	Lalaki	Awéwé
1.	Islam	6.403 urang	7.005 urang
2.	Kristen	183 urang	107 urang
	Jumlah	6.586 urang	7.112 urang

Sanajan loba masarakat Désa Cihideung ngagem agama Islam, tapi masarakatna teu ngaleungitkeun kapercayaan titinggal karuhunna, saperti upacara tradisional sarta ritual-ritual nu aya patalina jeung pakasaban masarakat Désa Cihideung.

#### 5) Étnis atawa Suku

Aya sababaraha étnis atawa suku di Désa Cihideung di antarana Batak, Sunda, Jawa, jeung China, nu bisa katitén tina ieu tabél.

Tabél 3.7  
Étnis atawa Suku di Désa Cihideung

No.	Étnis atawa Suku	Lalaki	Awéwé
1.	Batak	12 urang	10 urang
2.	Sunda	6454 urang	6993 urang
3.	Jawa	110 urang	100 urang
4.	China	10 urang	9 urang

Pangaruh ayana kamekaran jaman jeung téhnologi di Désa Cihideung, ngabalukarkeun loba étnis atawa suku séjén asup ka ieu désa. Tapi, sacara umum étnis atawa suku masarakat Désa Cihideung nyaéta Sunda.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ngumpulkeun data nya éta:

#### 1) Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka nyaéta téhnik pikeun nangtukeun dadasar tiori ku cara ngumpulkeun bahan tinulis atawa data gambar anu aya patalina jeung objék panalungtikan Kasenian Sasapian.

#### 2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nyaéta panalungtikan sacara langsung ku cara maluruh kagiatan nu keur lumangsung. Téhnik obsérvasi bisa dipaluruh ngaliwatan tés, kuésionér, rekaman, gambar atawa rekaman sora (Arikunto, 2013, kc. 200). Ieu téhnik digunakeun ku cara nyatet hasil tina obsérvasi kalayan langsung niténan lumangsungna Kasenian Sasapian sangkan bisa nyangking data nu aya di lapanagan.

#### 3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nyaéta hiji dialog ti nu ngawawancara pikeun meunangkeun informasi ti informan (Arikunto, 2013, kc. 198). Dina wawancara biasana nu ngawawancara mawa pituduh wawancara anu eusina mangrupa gurat badag hal-hal nu baris ditanyakeun satuluyna bisa méré tanda ceklis kana patalékan nu geus ditepikeun sangkan wawancarana lumangsung kalayan lancar (Arikunto, 2013, kc. 198). Ieu téhnik mangrupa prosés ngumpulkeun data ku cara nanya sacara langsung ka narasumber anu mibanda informasi ngeunaan Kasenian Sasapian.

#### 4) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokumentasi nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara ngulik data-data tulisan pribadi réspodén (Fathoni, 2006, kc. 112). Téhnik dokuméntasi mibanda tujuan pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakan Kasenian Sasapian ku cara ngumpulkeun data langsung ti informan sarta ngadokuméntasikeun sagala hal anu aya patalina jeung objék panalungtikan nu mangrupa foto atawa gambar, saperti pakakas nu digunakeun jeung wawancara ka narasumber. Ieu téhnik mangrupa palengkep pikeun bukti ayana panalungtikan.

### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta nganalisis data-data anu geus dikumpulkeun tina hasil panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif kualitatif. Anu

Desy Ratnasari, 2017

*UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG  
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL  
BUDAYADI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

didéskrripsikeun nyaéta unsur semiotik dina Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat sarta dijadikeun bahan pangajaran maca di kelas XII SMA. Anapon téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) milih data anu saluyu jeung naon anu rék ditalungtik;
- 2) mariksa jeung niténan data-data anu geus dikumpulkeun;
- 3) nganalisis jeung ngadéskrripsikeun data saluyu jeung udagan panalungtikan;
- 4) nganalisis unsur semiotik dina Kasenian Sasapian ku tiori Charles Sanders Peirce (ikon, indéks, simbol); jeung
- 5) nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan, sangkan nyangking data jeung ngahontal hasil data nu nyugemakeun kudu ngagunakeun instrumén pikeun ngumpulkeun data anu luyu jeung panalungtikan. Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih babari dina migawéna jeung hasilna bisa leuwih hadé, nu hartina leuwih gemet, lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih babari dina ngolahna (Arikunto, 2013, kc. 203). Instrumén anu digunakeun nya éta *handphone*, kaméra (foto), jeung pedoman wawancara.

#### 1) *Handphone*

*Handphone* dipaké pikeun ngarékam dina prosés ngumpulkeun data ngaliwatan téhnik wawancara ka informan ngeunaan Kasenian Sasapian.

#### 2) Kaméra (foto)

Kaméra (foto) dipaké pikeun ngadokuméntasikeun gambar jeung video dina prak-prakan gelarna Kasenian Sasapian sarta digunakeun nalika prosés Kasenian Sasapian keur lumangsung.

#### 3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dipaké pikeun ngawawancara tokoh masarakat anu apal kana Kasenian Sasapian, wawancara dilakukeun kalayan ngagunakeun patokan anu geus disadiakeun nu mangrupa kisi-kisi daptar patalékan anu aya patalina jeung kabutuhan panalungtik atawa masalah anu rék ditalungtik.

Desy Ratnasari, 2017

**UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG  
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL  
BUDAYADI KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.8  
Pedoman Wawancara

No.	Rumusan	Poko-poko dina wangun patalékan
(1)	(2)	(3)
1.	Sajarah	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Saha nu nyiptakeun Kasenian Sasapian téh?</li> <li>2. Ti iraha Kasenian Sasapian téh ayana?</li> <li>3. Naha pangna ieu Kasenian Sasapian aya di Cihideung? Kumaha sajarahna?</li> <li>4. Naha dinamian Sasapian? Aya dongéng nu sumebar di masarakatna?</li> <li>5. Dina acara naon waé Kasenian Sasapian dipintonkeun?</li> <li>6. Kumaha kaayaan Kasenian Sasapian kiwari?</li> <li>7. Kumaha carana sangkan Kasenian Sasapian téh tetep aya tur nanjeur hususna di Désa Cihideung?</li> <li>8. Naon nu ngabéntenkeun Kasenian Sasapian didieu sareng Kasenian Sasapian nu sanésna?</li> <li>9. Naon nami komunitas atawa paguyuban Kasenian Sasapian ti dieu?</li> <li>10. Saha nami sesepuhna sareng ti iraha aya komunitas téh?</li> <li>11. Naon fungsi umum tina Kasenian Sasapian kiwari sareng bihari?</li> </ol>
(1)	(2)	(3)
2.	Prak-prakan	<ol style="list-style-type: none"> <li>12. Sateuacan Kasenian Sasapian dipintonkeun, naha aya persiapan atawa ritual hususna?</li> <li>13. Kumaha prak-prakan dina Kasenian Sasapian (sateuacanna, lumangsungna, sareng saatosna)?</li> <li>14. Aya gerakan naon waé dina Kasenian Sasapian téh?</li> <li>15. Aya jampé naon waé dina Kasenian Sasapian téh?</li> <li>16. Bahan naon waé nu dianggo dina ngadamel Sasapian?</li> <li>17. Naon fungsi atanapi ma'na tina bahan-bahan nu dianggo?</li> <li>18. Sajarah tina bahan nu diperyogikeunna kumaha?</li> <li>19. Pakakas kasenian naon waé nu dianggo dina Kasenian Sasapian?</li> <li>20. Naon fungsi atawa makna tina pakakas nu dianggo?</li> <li>21. Waditra naon waé nu dianggo pikeun Kasenian Sasapian?</li> <li>22. Kumaha sajarah sareng ma'na tina éta waditra nu dianggo?</li> </ol>

Desy Ratnasari, 2017

UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG  
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL  
BUDAYADI KELAS XII SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		<p>23. Pamaén Kasenian Sasapian sok nganggo raksukan husus teu? Raksukanna kumaha?</p> <p>24. Ti ngawitan ayana Kasenian Sasapian naha aya parobahan teu, saperti pakakas sareng raksukanna?</p> <p>25. Tina mintonkeunana, Kasenian Sasapian téh meryogikeun sabaraha jalmi? Naha tiasa sakitu?</p> <p>26. Dipirig ku lagu atanapi henteu?</p> <p>27. Saha waé nu tiasa ngiringan dina Kasenian Sasapian?</p> <p>28. Naon fungsi tina unggal kagiatan dina Kasenian Sasapian?</p>
3.	Unsur Semiotik	<p>29. Dina Kasenian Sasapian téh mibanda tanda-tanda pikeun kahirupan masarakat teu, saperti dina pakakas kasenian, raksukan sareng gerakanna?</p> <p>30. Unsur atanapi pakakas naon waé nu gunana pikeun ngama'naan tanda nu aya dina Kasenian Sasapian?</p>